

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa téh mahluk nu *berbudaya*. Kalayan daya cipta, rasa jeung karsa, manusa nyiptakeun kabudayaanana. Manusa lahir jeung hirup dina *pluralitas* ruang budaya nu dijieunna sangkan bisa silih wawuh, silih hargaan kana *eksistensi* sewang-sewangan (QS. Al-Hujurat [49]: 13). Kusabab kitu, *pluralitas* budaya nu mangrupa *eksistensi* kelompok-kelompok nu béda sacara étnis, ras, basa, agama éta téh kudu nyaho jeung bisa ditarima. Sabab sikep narima kana ieu *pluralitas* budaya, kaum Muslim kudu nganggap yen *kesatuan* umat Islam (*ummah waahidah*) salaku idéntitas sakabéh Muslim, umumna nyekel pageuh idéntitas liana, saumpamana waé ngeunaan suku atawa etnis nu rinéka.

Kamekaran Islam beuki sumebar ka unggal wilayah di dunya saenggeus wafatna Rosululloh. Sumebarana Al-Qur'an salaku pedoman umat Islam ka unggal nagara, ngamotivasi ayana penerjemahan jeung penafsiran Al-Qur'an nu ditulis jeung ditepikeun luyu kana basa ogé *konteks* dimana éta Qur'an ayana.

Dinamika tafsir Al-Qur'an mangrupa prosés dialéktis antara téks Al-Qur'an, pamikiran manusa sarta réalitas sosial. Fungsi Al-Qur'an salaku pituduh pikeun manusa jeung sumber hukum, ngarojong umat Islam pikeun tuluy museur kana ayat-ayat Al-Qur'an salaku kalam Allah nu *salih fi kulli zaman wa makan* téh kabuktian (Zaiyadi, 2018, kc. 1).

Tradisi panulisan tafsir di Indonesia sabenerna geus aya lila, kalawan téhni panulisan maké rupaning corak jeung basa nu dipaké. Karya tafsir di Indonesia ogé lahir ti ruang rupaning sosial-budaya, ti para intelék nu boga kasang tukang sosial nu béda-béda, sarta ngajalankeun peran sosialna séwang-séwangan. Jadi éta karya téh mangrupa wujud dédikasina pikeun agama jeung masarakat (Baidhowi, 2015, kc. 4).

Unggal karya tafsir moal leupas ti situasi sosial, budaya, politik, ékonomi, jeung faktor liana. Ayana pangaruh hiji *mufassir* bisa dicindekkeun yén gedéna kontribusi aspék-aspék éksternal nu aya di sabundereunna, sahingga nangtukeun corak jeung karakteristik panafsiranna (Mauliddin & Wafi, 2018, kc. 74).

Islah Gusmian dina bukuna *Khazanah Tafsir Indonesia dari Hermerneutika hingga Ideologi* nétélakeun yén

“Uraian tentang latar belakang historis ditulisnya karya tafsir, latar belakang intelektualitas penafsirnya, serta ruang-ruang sosial dimana karya tafsir tersebut muncul, penting dilakukan. Langkah semacam ini dalam rangka melacak dimensi kontekstalisasi suatu karya tafsir, sehingga arah pembicaraan, audien, dan kepentingan penafsir akan mudah dilihat lebih seksama.”

Nalika hiji *mufasir* nafsirkeun téks agama, mangka anjeunna dipangaruhan ku lingkungan budaya-primordial nu geus napel pageuh di dirina, ku kituna tafsir Al-Qur'an moal sakabéhna sarua, malahan mah loba penafsiran Al-Qura'an nu patukang tonggong jeung *mufasir* séjén, éta kajadian téh dibalukarkeun lantaran kapasitas kaélmuan unggal individu béda-béda. Jadi, penafsiran ngeunaan ajaran agama dianggap minangka fénoména kabudayaan.

Sakumaha ditétélakeun ku Koentjaraningrat (2014, kc. 81) yén aya tujuh unsur kabudayaan, nyaéta : 1) sistem religi; 2) sistem sosial kamasarakatan; 3) sistem élmu pangaweruh; 4) sistem basa; 5) kasenian; 6) pakasaban; 7) sistem téknologi jeung pakakas hirup manusa.

Prosés nafsirkeun Al-Qur'an ngaliwatan *vernakularisasi* jeung budaya-primordial téh museur kana unsur basa. Sabab, basa mangrupa alat utama pikeun ngawangun jeung nepikeun ajén kultural. Sajaba ti éta, basa ogé mangrupa alat nu dipaké pikeun ngawangun pangaweruh *humanism* jeung *khazanah* kaélmuan sosial. Ku sabab kitu, pikeun maham hiji ajaran, salah sahiji cara nu bisa dipaké téh nyaéta ku cara nalungtik kumaha makna bisa dihasilkeun kalawan simbolis ngaliwatan prakték-prakték kabasaan.

Tafsir di Indonesia sok nyampak ku ragam basa jeung corak nu béda-béda, ku langgam aksara nu béda ogé. Ieu patali jeung cara nepikeun jeung *klasifikasi* materi nu gumantung kana sa jauh mana karya tafsir bisa dipaham ku pamacana. *Vernakularisasi* (tarékah nepikeun hiji ajaran kana basa lokal) Al-Qur'an boh lisan boh tulisan mekar hampir di sakabéh wilayah di Nusantara, jauh saméméh abad ka-16.

Ku ayana éta *vernakularisasi*, tafsir Al-Qur'an di Indonesia mekar jadi basa-basa lokal. Saperti *Tafsir Al Huda* karya Bakri Syahid nu maké basa Jawa, *Tafsir Al-Quranul Karim Nurul Huda* karya Mudhar Tamim nu maké basa Madura, *Tarjuman Mustafid* karya 'Abd Rauf Singkel (basa Melayu), *Kitab Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an* karya KH. Ahmad Sanusi nu maké basa Sunda, jeung réa deui tafsir hasil karya ulama Nusantara nu maké basa lokal.

Salah sahiji sistem basa nu teu bisa dipisahkeun tina budaya jeung realitas masarakat nu makéna nyaéta basa Sunda, basa nu dipaké jeung dimumulé di tatar Sunda nu ngawengku daérah Jawa Barat jeung Banten. Tafsir Al-Qur'an nu lahir ti latar kabudayaan Sunda di masa kolonian Belanda di taun 1935 salah sahijina nyaéta *Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an*. ieu kitab tafsir téh disarungsum ku Kyai Haji Ahmad Sanusi, salah sahiji ulama ti Kota Sukabumi.

Tarékah ngadeukeutkeun makna jeung pedaran makna kana basa Sunda teu leupas tina kaarifan lokal nu mangaruhan tafsirna. Pedaran kaarifan lokal ngawengku pangaweruh, puseur titénan, ajén sarta prakték-prakték boh ti hiji komunitas saacanna atawa kiwari, nu museur kana tempat, lokalitas tina éta kaarifan lokal. Ieu nu ngabédakeun tafsir Sunda Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Quran jeung tafsir séjén.

(Ahimsa-Putra, 2009, kc. 115) nétélakeun yén Mikanyaho kaarifan lokal bisa ngabantu maham kana pola pikir masarakat atawa unggal kajadian di masarakat. Sabagian kaarifan lokal kasimpen dina basa jeung sastra boh tinulis boh lisan dina hiji masarakat. Jadi, maham kana mantra, pantun/sisindiran, babasan, paribasa, undak-usuk basa; carita rakyat, novel jeung unggal karya sastra

lokal bisa mantuan pikeun maham kana pola pikir masarakat atawa unggal kajadian dina kahirupan masarakat.

Kaarifan lokal dina karya sasatra nyampak ogé dina tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an. KH. Ahmad Sanusi maké istilah-istilah lokal, méré undak-usuk basa, babasan, paribasa, ungkara-ungkara kaéndahan alam Sunda, ogé ngasupkeun pedaran ngeunaan adat istiadat, jeung kapercayaan lokal masarakat Sunda.

Makéna analisis téori hermeneutik dina nalungtik ieu tafsir, teu leupas ti alesan yén hermeneutika salaku pakakas nu penting sabab manusa nu teu bisa hirup lamun henteu nafsirkeun. Bédana manusa jeung sato, sakumaha di introduksi ku Ernest Cassirer salaku *animal symbolicum*, ayana dina ciri hasna pikeun ngamangpaatkeun simbol, tanda, jeung lambang, sedengkeun pikeun maham éta tanda-tanda téh kudu diayakeun *interpretasi*.

Nurutkeun Gadamer (dina Ratna, 2007, kc. 395) kajian hermeneutika teu kawatesan pikeun maham kitab Injil, tapi ogé bisa ka sakabéh aktivitas manusa. Dina dasarna Gadamer nolak proposisi tiheula nu nétélakeun yén hiji métode dina hubungan hermeneutika bisa dipaké dina meunangkeun hiji bebeneran, hususna élmu humaniora. Gadamer méré sawangan yén métode téh lain hiji-hijina cara pikeun meunangkeun bebeneran sastra. Hermeneutika lain saukur cara tapi salaku proses ontologis dina diri manusa, salaku hermeneutika filosofis. Posisi karya sastra sipatna dekoratif, nyaéta pasti dina ruang jeung waktu nu tangtu. Sahingga pamahaman téks teu pernah ngaliwatan kasadaran nu kosong, unggal pamaca miboga horizon nu kacipta ngaliwatan pamahaman nu tiheula, lain makna nu tetep kana hiji téks, tapi kumaha éta makna gésér ka pamaca. Tradisi nu kasimpen dina éta basa nu disebut ku makna hermeneutika. Sahingga makna kaarifan lokal nu diébréhkeun KH. Ahmad Sanusi dina Tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an.

Kamampuh KH. Ahmad Sanusi dina nganalogikeun ayat ngaliwatan bungkus basa lokal jeung pamarekan luyu jeung adat istiadat nu aya, jeung ngasupkeun tradisi dina ngainterpretasikeun Al-Qur'an, dipiharep bisa dipaham

ku masarakat. Ieu hal kaasup kana bentuk kaayaan karakter ka Islaman Nusantara, jeung jadi ciri has ti tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an. kusabab kitu, perlu ayana panalungtikan ngeunaan kaarifan lokal boh mangrupa basa, sastra atawa adat istiadat jeung kapercayaan dina éta tafsir, tuluy diguar maké hermeneutika Gadamer, sahingga bisa dikanyahokeun larapna kaarifan lokal nu aya dina tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an, jeung relevansi panafsiran KH. Ahmad Sanusi kana Al-Qur'an jeung pangaruhna ka pamaca.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Sangkan leuwih jéntré, gambaran pasualan tina ieu panalungtikan dirumuskeun sababaraha rumusan masalah nu dipidangkeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu dihandap:

- a. Kumaha larapna kaarifan lokal dina nafsirkeun Al-Qur'an dina tafsir Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qura'an jeung relevansi hermeneutik dina éta tafsir?
- b. Kumaha corak panafsiran KH. Ahmad Sanusi dina kitab tafsir sunda Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qura'an?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan Umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan kaarifan lokal dina tafsir Sunda Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qura'an.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun :

- a. Larapna kaarifan lokal dina dina tafsir Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qura'an. Hususna dina surah Al-Baqarah.
- b. Corak panafsiran KH. Ahmad Sanusi dina kitab tafsir sunda Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qura'an

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahasilkeun rumusan ngeunaan peran antara Al-Qur'an jeung kearifan lokal, kitu deui ngeunaan kumaha budaya Sunda

miboga peran dina tafsir sunda Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qur'an karya KH. Ahmad Sanusi, antukna ieu rumusan téh bisa jadi rujukan pikeun maham kana ajaran agama Islam jeung tradisi budaya masarakat Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- a. pikeun panalungtik, miboga pangalaman maham jeung ngulik ngeunaan tafsir Sunda.
- b. pikeun panalungtik saterusna, bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung kaarifan lokal.
- c. pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan hasil panalungtikan kana tafsir Sunda Raudhatul Irfan Fi Ma'rifatil Al-Qur'an. Ogé pikeun méré dédikasi pikeun ngamekarkeun khazanah tafsir di Indonesia, hususna pikeun masarakat Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan kaarifan lokal, tafsir, heurmeneutik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métodologi panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran, mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun panulis keur nu maca sangkan leuwih hadé dina panalungtikan kahareupna.